

SS.7.C.3.6

Evalye dwa konstitisyonèl yo ak enpak yo sou moun yo ak sosyete a.

SS.7.C.3.6 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap rekonèt kijan sistèm sosyal, politik, ak ekonomi nan peyi Etazini an depann de dwa moun yo.

Sistèm sosyal, politik, ak ekonomik yo depann de dwa **endividyèl yo** ak libète yo. Pou gouvènman reprezante moun yo byen, dwa moun yo genyen pou ekspriye opinyon yo konsènan sa gouvènman an ta dwe pwoteje. Kòm egzanp, libète pou laprès pa vle twò vle di si pat gen libète pou pale, paske laprès bay moun yon vwa nan jan yo ekspriye sa ki konsène yo konsènan gouvènman an.

Sistèm ekonomi Etazini an depann de libète moun yo, tankou libète moun yo pou yo genyen pou fè biznis yo epi pou anplwaye travayè yo. **Senkyèm Amandman** an te kapab limite libète ekonomik la, ki di ke gouvènman an gen pouvwa pou **retire dwa pwopriyete** yon moun (dwa pou retire pwopriyete prive nan men mèt si se pou byen piblik). Kidonk, lè yo pran pwopriyete pèp la nan men l anba dwa yo genyen pou retire pwopriyete yon moun, moun sa yo ta dwe rekonpanse (peye) moun sa yo kòm sa dwa nan menm pri a pou pwopriyete yo a.

Youn nan pi gwo pwoblèm ke sitwayen yo ap fè fas ak li se balanse pwoteksyon dwa moun yo nan tout sosyete.

dwa endividyèl (moun) - dwa ki garanti byen oswa bagay ki pou yon moun

dwa pou retire dwa yon pwopriyete - dwa gouvènman an pou retire pwopriyete prive pou itilizasyon piblik; Senkyèm Amandman an rekòmande ke yo peye moun byen (konpanse) pou pwopriyete yo a si gouvènman an ta pran l nan men yo.

Senkyèm amandman - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki bay pwoteksyon ak yon moun yo akize de yon krim, enkli dwa pwosesis ki garanti dwa moun.